

Pou aprann plis konsènan

Òdonans medikal pou tretman ki rann lavi posib

- ✚ Mande doktè w la pou plis enfòmasyon
- ✚ Vizite: www.molst-ma.org



“Mwen konnen pitit mwen yo ta renmen pou m viv osi lontan mwen kapab, men yo pa vle m souffri.” *Yon moun ki souffri kansè*

“Avèk fòm MOLST la, nou ka kòmanse swen malad la vle a, epi nou remèt doktè yo fòm nan nan lopital la, epi yo ka kontinye bay malad la swen egzakteman jan malad la vle a.” *Anbilansye*

“Pa t janm gen ankenn kesyon konsènan fason manman m te vle pou bagay yo fèt.” *Pitit gason epi swayan*

Òdonans medikal pou tretman ki rann lavi posib se yon inisyativ prezante pa (or ke leta MA....school prezante) leta Massachusetts epi Depatman Sante Piblik, Biwo Egzekitif zafè Moun Aje ak Commonwealth Medicine, UMass Medical School.



Massachusetts Medical Orders for Life-Sustaining Treatment

*Yon fason pou fè pwòp chwa w
konsènan swen medikal nan fen lavi w*



**Pou moun ki gen tout laj ki genyen yon
pwoblèm medikal, yon maladi oswa yon
blesi ki menase lavi**

Ki sa òdonans medikal pou tretman ki rann lavi posib ye?

“Òdonans medikal” se yon ekspresyon medikal. Yo se *enstriksyon yon doktè ekri pou lòt founisè swen medikal* (enfimyè, ekip entèvansyon ijans, eksetera) *konsènan swen medikal ou.*

Swen medikal pou tretman ki rann lavi posib (MOLST) se yon òdonans medikal alekri ki fè konnen ki kalite tretman medikal ou vle OSWA ou pa vle pou yo ba w pou eseye kenbe w anvi lè w rive nan fen lavi w.

Kiyès ki ka itilize yon fòm MOLST?

Nenpòt moun ki gen yon pwoblèm medikal grav, yon maladi oswa yon blesi ki pa gen gerizon ka itilize yon fòm MOLST. Itilizasyon yon fòm MOLST se yon bagay ki *volontè*. Se pwòp chwa pa moun nan.

Ki diferans ki genyen ant yon fòm MOLST ak yon pwokirasyon swen medikal?

Yon *pwokirasyon swen medikal* se yon fòm legal ki fè lòt moun konnen kiyès ou vle pou pran desizyon pou ou nan domèn medikal. Yo rele moun sa a yon *reprizantan pou swen medikal*. Ou ka chwazi moun sa a pou pran desizyon pou ou nan domèn swen medikal alavni sèlman si w pa kapab pran oswa kominike desizyon sa yo oumenm.

Tout moun ki gen 18 an oswa plis ta dwe chwazi yon reprizantan pou swen medikal lè w ranpli yon fòm pwokirasyon swen medikal.

Aprann plis konsènan pwokirasyon swen medikal nan: www.molst-ma.org

Ki sa “tretman ki rann lavi posib” ye?

Yo se tretman yo itilize pou reyanime kè oswa respirasyon yon moun si yo sispann fonksyone. Yon egzanp tretman ki rann lavi posib se CPR (gade anba a).

Fòm MOLST yo genyen òdonans swa pou ITILIZE swa pou PA ITILIZE:

Reyanimasyon kadyopilmonè (CPR) Ka gen ladan l respirasyon bouch-a-bouch; gwo presyon oswa chòk elektrik sou pwatrin; entibasyon ak vantilasyon.

Entibasyon ak vantilasyon

Yo foure yon tib nan gòj moun nan ki ploge nan yon machin ki ponpe lè fè ale vini nan poumon yo.

Anpil founisè swen medikal oblije fè CPR si kè oswa respirasyon yon malad sispann fonksyone—*amwenske yo te gen òdonans alekri ki sot nan men yon doktè ki gen lòt enstriksyon.*

E si mwen gen yon fòm MOLST epi mwen chanje lide m konsènan tretman yo?

Ou ka anile oswa chanje fòm MOLST la *nenpòt lè* epi mande doktè w la pou l ranpli yon nouvo fòm MOLST ki gen nouvo chwa tretman w lan ladan l.

Aprann plis konsènan MOLST nan: www.molst-ma.org

